

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Anu dipedar dina ieu bab nya éta sumber data, desain panalungtikan, metode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

3.1. Sumber Data

Sumber data dina panalungtikan nya éta subjék ti mana éta data dimeunangkeun (Arikunto, 2010: 172). Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta novél *Pipisahan* karangan RAF (Rahmatullah Ading Affandie), anu diterbitkeun ku Kiblat Buku Utama taun 2012. Ieu novél téh aya 110 kaca, kaasup jilid jeung daftar eusi. Data dina ieu panalungtikan nya éta sakumna kalimah anu ngandung kecap sulur anu kapanggih dina novél *Pipisahan* karangan RAF.

3.2. Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa sakabéh prosés anu diperlukeun dina ngararancang jeung ngalaksanakeun panalungtikan. Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah pikeun ngararancang jeung ngalaksanakeun panalungtikan nya éta : (1) ngecék data, tujuanna pikeun meunangkeun bebeneran nepi ka bisa meunangkeun data nu bener, (2) nganomeran data dumasar kalimah jeung kacana, (3) ngelompokeun jeung milah-milah data anu kaasup kecap sulur dumasar sumber babandinganana, (4) nganalisis sakabéh kecap sulur dumasar wangun, fungsi, jeung warnana (5) nyusun tabél kecap sulur sacara alfabét jeung nyatet *frékuénsi* katut sumber datana, jeung (6) nyieun kacindekan.

Desain panalungtikan ieu bakal jéntré lamun dibagankeun saperti di handap ieu:

Bagan III.1

Desain Panalungtikan Kecap Sulur dina Novél *Pipisahan*



3.3. Métode Panalungtikan

Dina nangtukeun métode téh perlu pisan lantaran mangrupa salahiji léngkah munggaran dina unggal panalungtikan. Métode panalungtikan dilakukeun sabab mangaruhan kana hasil atawa heunteuna dina hasilahir panalungtikan dumasar kana tujuan anu baris di hontal. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode analisis déskriptif.

Arikunto (2010:3) nyebutkeun yén métode déskriptif téh métode panalungtikan anu miboga maksud pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, situasi, kagiatan, jeung sajabana. Anu didéskripsikeun dina ieu panaluntikan téh nya éta perkara kecap sulur nu kapanggih dina novél *Pipisahan* karangan RAF minangka sumber datana. Anapon anu bakal dianalisis nya éta ngawengku wangu, fungsi, jeung ma’na sakur kecap sulur dina éta sumber data.

3.4. Wangenan Operasional

Kania Nurlatifah, 2013

Analisis Kecap Sulur Dina Novel *Pipisahan* Karangan Raf Pikeun Bahan Pangajaran Maca Basa Sunda Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pikeun nyinkahan salah tafsir, aya sawatara istilah nu perlu dijéntrékeun. Éta istilah téh patali jeung judul ieu panalungtikan nya éta “Analisis Kecap Sulur dina Novél *Pipisahan* Karangan RAF pikeun Bahan Pangajaran Maca Basa Sunda di SMA”.

- 1) Analisis nya éta kajian atawa kagiatan nu dilaksanakeun kana hiji hal pikeun nalungtik hal éta sacara leuwih jero.
- 2) Kecap Sulur nya éta kecap anu bisa dipaké pikeun nyuluran atawa ngaganti kalungguhan kecap barang jeung naon-naon anu dianggap barang.
- 3) Novel nya éta prosa rékaan (fiksi) nu naratif (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritaanana atawa plotna *kompléks* (ngarancabang). Ku lantaran kitu wandana, novel mah bisa midangkeun rupa-rupa palaku, kajadian, laluasa ngadéskripsikeun latar jeung ngahirupkeun karakter.
- 4) Bahan pangajaran mangrupa salahiji komponén tina sistem pangajaran anu salawasna silih deudeul jeung silih lengkepan antara komponén nu hijij jeung komponén séjénna. Éta komponen the nya éta saperti tujuan, guru, murid, sarana, fasilitas, jeung évaluasi pangajaran.
- 5) Maca nya éta prosés ngalisankeun basa tinulis anu tujuanana pikeun nyangkem eusi atawa informasi tina bahan bacaan.

Jadi anu dimaksud “Analisis Kecap Sulur dina Novél *Pipisahan* Karangan RAF pikeun Bahan Pangajaran Maca Basa Sunda di SMA” dina ieu panalungtikan téh nya éta kecap sulur basa Sunda nu aya dina novel *Pipisahan* karangan RAF, nu dianalisis dumasar kana wong, fungsi, jeung ma’nana, pikeun bahan pangajaran maca basa Sunda di SMA.

3.5.Instrumén Panalungtikan

Dina prakna nganalisis data anu digunakeun panalungtik nya éta instrumén (alat) nu mangrupa kartu data. Kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun data tina sumber data. Carana nya éta nyalin sakabéh kecap sulur basa Sunda nu aya

Kania Nurlatifah, 2013

Analisis Kecap Sulur Dina Novel Pipisahan Karangan Raf Pikeun Bahan Pangajaran Maca Basa Sunda Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dina sumber data nya éta dina novél *Pipisahan* karangan RAF kana kartu data. Eusi kartu data nya éta ngawengku: nomer urut, kaca, kalimah, jeung data kecap sulur. Satuluyna dianalisis ku cara merhatikeun kecapna dumasar kana wangun, fungsi, jeung ma'nana.

Conto kartu data:

No Urut: --	Kode Data: (P/kaca/alinéa/kalimah)
kalimah	: Pasti moal jauh ti dinya, ceuk <i>pikirna</i>
Wangun	:
fungsi	:
Ma'na	:

Sakabéh data nu aya dina kartu data téh disusun sacara alfabetis dina wangun tabél ieu di handap:

Tabél 3.1
Conto Tabél Rékapitulasi Data Kecap Sulur

No. data	Adegan Kalimah	F	%

Data kecap sulur téh disusun terus dianalisis jeung dipasing-pasingkeun dumasar kana wangun, fungsi, jeung ma'nana. Hasil analisis didéskripsikeun dina wangun tabél,

Kania Nurlatifah, 2013

Analisis Kecap Sulur Dina Novel *Pipisahan* Karangan Raf Pikeun Bahan Pangajaran Maca Basa Sunda Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik nya éta cara anu sistematis dina ngagawéan hiji hal. Téhnik digunakeun pikeun salahiji cara sangkan panalungtik bisa ngahontal kana tujuan panalungtikan. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ulikan pustaka jeung analisis dokumén atawa analisis téks.

Téhnik ulikan pustaka digunakeun pikeun méré gambaran kecap sulur basa Sunda. Tujuanana sangkan bisa nganalisis hiji objék kalawan sistematis. Téhnik analisis dokumén atawa analisis téks dilakukeun langsung kana novél *Pipisahan* karangan RAF anu tujuanana pikeun néangan data ngeunaan kecap sulur. Ngaliwatan ieu téhnik dipiharep perkara kecap sulur bakal bisa didéskripsikeun.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Labov dina Sudaryat (2000:31) nétélakeun yén téhnik téks atawa studi pustaka/studi bibliografi dipaké mun data basa anu dikumpulkeun asalna tina sumber-sumber tinulis kayaning buku, majalah, koran jeung sajabana. Jadi ieu panalungtikan téh ngajadikeun sumber tinulis salaku sumber datana ku cara nganalisis catetan-catetan/dokumén atawa sumber tinulis éta. Ari sumber tinulis anu bakal jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta novél *Pipisahan* karangan RAF.

Prosedur ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

- 1) Maca data tina sumber data;
- 2) Nganomeran data dumasar kalimah jeung kacana;
- 3) Nyirian kalimah-kalimah anu ngandung kecap sulur anu aya dina novél *Pipisahan* karangan RAF;
- 4) Nulis data anu kapilih kana korpus (kartu data) salian nangtukeun idéntitasna;
- 5) Milah-milah korpus dumasar kana ciri-ciri nu sarua;
- 6) Nyieun papasingan kecap sulur dumasar wangun, fungsi, jeung ma'na;

Kania Nurlatifah, 2013

Analisis Kecap Sulur Dina Novel Pipisahan Karangan Raf Pikeun Bahan Pangajaran Maca Basa Sunda Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 7) Mindahkeun data tina korpus kana tabél/déskripsi data.

3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data kakumpul, éta data tina sumber data diolah sacara gemit ngaliwatan léngkah-léngkah ngolah data dina ieu di handap:

- 1) Mariksa deui data anu geus kakumpul kalawan gemit, sangkan mastikeun data anu dimeunangkeun téh mangrupa kecap sulur anu aya dina sumber data;
- 2) Sanggeus sakabéh kecap sulur kakumpul tur ditaliti kalawan gemit, kecap sulur dina kalimah didaftardeun kana tabél sacara alfabétis;
- 3) Ngitung frekuensi katut persentasena anu aya dina novél *Pipisahan*;
- 4) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun kecap sulur dumasar kana wangun, fungsi, jeung ma'nana;
- 5) Nyieun bahan pangajaran kecap sulur basa Sunda luyu jeung *Standar Kompetensi Jeung Kompetensi Dasar Mata Pelajaran Bahasa Jeung Sastra Sunda*.